



Built to Lead

Pou piblikasyon imedya: 15/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MORATORYÒM SOU VANT SÈVIS KONPAYI ENÈJI KONPETITIF YO BAY KLIYAN KI PA TOUCHE ANPIL LAJAN YO

Desizyon ki te fèt pou Pwoteje Kliyan ki pi Vilnerab yo kont Pri Sèvis Enèji ki Chè Anpil

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Komisyon Sèvis Piblik Leta New York la te mete yon moratoryòm sou abilitè konpayi sèvis enèji konpetitif yo pou vann elektrisite ak gaz natirèl bay kliyan ki pa touche anpil lajan yo. Desizyon sa fè swit a aksyon PCS la yo pou amelyore epi ogmante pwogram sèvis piblik yo pou ede kliyan ki pa touche anpil lajan yo jere fado enèji yo, ki te bay apeprè de milyon Nouyòkè ki pa touche anpil lajan 248 milyon dola kòm ekonomi dirèk chak ane.

"Aksyon sa a pral ede pwoteje lokatè sila yo ki pa touche anpil lajan kont founisè sèvis enèji malonèt yo, epi bay plis soulajman ke Nouyòkè atravè tout eta bezwen," **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou pran mezi agresif pou kenbe pri enèji yo abòdab, nou ap bati yon vil New York ki pi fò, pi dirab."

Prezidan Komisyon Audrey Zibelman te deklare, "Rapò dosye a montre klè ke kliyan ki pa touche anpil lajan yo pat benefisye de sèvis apwovizyonman elektrisite ak gaz ki soti nan ESCO yo lè se sa sèlman ke yo ap achte. Komisyon an ap pran mezi pou asire ke pri enèji ya abòdab pou kliyan ki pa touche anpil lajan yo. Amwens ke e jiskaske nou ka bay garanti sa yo, li enpòtan anpil pou nou asire ke kliyan ki pa touche anpil lajan yo p'ap peye pi plis kòb ke nesèsè pou gaz ak kouran. Nou te invite founisè konpetitif yo pou chèche yon fason pou garanti ekonomi oubyen pri ki pi piti pase pri kouran ak gaz sèvis piblik lan founi an."

Michael Corso, ki se Avoka Konsomatè nan Depatman Sèvis Piblik la, te deklare, "Desizyon komisyon an pèmèt jodi a pou nou ka itilize nan yon fason ki pi efektif tout benefis pwogram nou yo, epi nan vrè objektif yo te kreye yo a. Li adrese pwoblèm fondamantal ki konsène fanmiy ki pa touche anpil lajan ki t'ap peye twòp kòb pou enèji yo. Chanjman nou fè jounen jodi a pral ede amelyore tout pri enèji yo pou vin pi abòdab."

Yon egzanp yon kliyan ki pa touche anpil lajan ki pwoteje kounye a se yon fanmi ki gen kat moun ki genyen yon revni ki egal a 60 pousan nan revni mwayen eta a, oubyen 17,264 dola pa ane, ki te patisipe tou nan pwogram asistans sèvis piblik lokal la pou moun ki pa touche anpil lajan yo. Fanmi sa a, pa egzanp, ta dwe pwobableman

depanse 22 pousan salè yo pou peye enèji, men anba nouvo politik pri abòdab la li p'ap pi plis pase 6 pousan. Moratoryòm lan ke yo mete an plas lan gen ladan'l renouvleman kontra yo.

Desizyon sa a se dènnye aksyon pou amelyore sèvis proteksyon kliyan ESCO yo. Nan mwa Fevriye, Komisyon an te ranfòse pwosesis pou révoke elijibilite ESCO pou yo fè biznis nan New York si yo kenbe li an vyolasyon règleman leta yo. Yo te enstore tou yon règleman "do not knock", sa ki bay kliyan enèji yo menm libète nan yon entwizyon enjistifyab menm jan ak sila yo ki anrejistre pou pwoteksyon "do not call", epi yap revoke abilite yon konpayi pou li fè biznis nan New York si li inyore règleman sou solisitasyon lokal yo ki regilarize vant pòt-an-pòt nan yon rezidans oswa yon lokal biznis.

Desizyon an te fè swit a yon seri de reyinyon kolaborasyon avèk pati prenand yo pou defini pwodwi ki gen rapò ak enèji valè ajoute yo ak sèvis ke yo dwe bay kliyan ki pa touche anpil lajan yo, pou yo konsidere teknoloji ki disponib ak fòmil pou nou kapab aplike konfimasyon pwen de vant pou kliyan ki pa touche anpil lajan yo, epi pou konsidere ki pi bon mwayen ki genyen pou pwoteje kliyan ki pa touche anpil lajan yo ki te desèvi pa ESCOs. Li te estime ke te genyen plis pase 400,000 kliyan ki pa touche anpil lajan ki aktyèlman t'ap pran sèvis yo nan yon ESCO. Kliyan ki pa touche anpil lajan yo reprezante anviwon 25 pousan nan tout kliyan elektrik yo nan Eta New York.

Pandan reyinyon kolaborasyon sa yo, kèk ESCOs te konfime ke yo pa't an mezi pou bay yon garanti ekonomi bay kliyan ki pa touche anpil lajan yo. Pati prenand yo tou pat kapab rive defini sèvis valè ajoute yo ki gen rapò ak enèji ya ki te pral bay yon benefis efektif pou pri rezonab pou kliyan sila yo ki pa touche anpil lajan. Kòm rezilta, Komisyon an te detèmine ke kliyan ki pa touche anpil lajan yo t'ap pi byen sèvi epi pwoteje atravè sèvis komodite piblik yo. Pou kontinye, kliyan ki pa touche anpil lajan yo ki patisipe nan yon pwogram itilite pou moun ki pa touche anpil lajan yo pral resevwa sèvis enèji yo nan men sèvis piblik, men pa nan men ESCOs.

Politik pri enèji abòdab lan ki te apwouve nan mwa Me an se yon pati enpòtan nan Vizyon pou fè Refòm nan Enèji an, ki se yon estrateji konplè Gouvènè Cuomo pou lite kont pwoblèm chanjman klimatik la epi devlope ekonomi New York nan envesti nan teknoloji enèji pwòp epi rive jenere 50 pousan nan bezwen an elektrisite leta a pati sous enèji renouvlab lè nou rive nan lane 2030. Nouvo politik sa a pral limite pri enèji yo pou Nouyòkè ki pa touche anpil lajan yo pou pa plis pase 6 pousan nan revni kay la – mwaye nan sa anpil kliyan ki pa touche anpil lajan yo ap peye aktyèlman.

Anba politik pri enèji abòdab la, selon revni kay la ak prezans rezidan vilnerab yo, kliyan kouran yo pral resevwa chak mwa rediksyon ant 11 a 44dola, plis pase ant 5 ak 15 dola nan yon sèvis tip sou tèritwa. Kliyan gaz yo pral resevwa rediksyon ant 3 a 33 dola. Bidjè pou rive atenn tout 2.3 milyon lokatè yo ki pa touche anpil lajan nan New York la pral limite a pa pi plis pase 2 pousan revni sèvis piblik yo, yon nivo ke yo detèmine kòm sifizan pou atenn objektif 6 pousan pou pri enèji an pou laplipa sèvis piblik yo, pandan l'ap ekilibre nivo enpak sou lòt tip kliyan yo. Ogmantasyon nan asistans finansye dirèk

la fè pati nan investisman anyèl leta de plis pase 750 milyon dola nan enèji an favè Nouyòkè ki pa touche anpil lajan yo. Rediksyon sèvis piblik pou kliyan ki pa touche anpil lajan yo egal a 130 milyon dola pa ane.

Atyèlman genyen apeprè 200 ESCO ki elijib pou bay elektrisite ak gaz natirèl nan Eta New York. Plis pase 20 pousan nan kliyan rezidansyèl ak kliyan ti biznis eta a ap resevwa aktyèlman enèji nan men founisè enèji an detay yo. Gen apeprè 7 milyon kliyan elektrik rezidansyèl nan Eta New York ak apeprè 4.3 milyon kliyan rezidansyèl gaz natirèl.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418